

“Putting the Pieces Together to Reduce HIV Transmission in the Metro Boston Haitian Commu-

Save the DATE!

Next Coalition meeting
October 18, 2001
Children's AIDS Program
253 River Street,
Mattapan
12:00 p.m – 2:30 p.m.
Lunch will be served at
noon.

Update from the Women's Working Group

Written by:

Gemima Remy St. Louis, Ph.D.
Co-Chair, Haitian Women's Working Group &
Psychologist, Children's AIDS Program, Boston Medical Center


The REACH 2010 Haitian Women's Working Group is composed of representatives from four community-based agencies: the Association of Haitian Women in Boston (AFAB), Brockton CHASE AIDS, the Cambridge Health Alliance, and the Children's AIDS Program at the Boston Medical Center. The main task of the Working Group was to develop a culturally-sensitive HIV prevention and education curriculum that focuses specifically on the needs of Haitian women who are at high risk of contracting HIV/AIDS. This article briefly describes the process that led to the development of the curriculum and summarizes its key components.

Designing a curriculum to encompass the multiple facets of HIV in the context of the Haitian community was a challenging, yet welcoming, endeavor for members of the Haitian Women's Working Group (HWWG). The HWWG initially focused its efforts on identifying the most effective strategies for combating the spread of this devastating disease among the Haitian female population.

(Continued on page 4)

Haitian American Public Health Initiatives, Inc

10 Fairway Street,
Mattapan, MA 02126
Phone: 617-298-8076



Haitian American Public Health Initiatives (HAPHI) has been servicing the health needs of the Haitian Community for over the past 12 years. They currently have about 20 fulltime employees and offer a wide range of services to the community.

The focus of this organization has always involved collaborating with other agencies in the community to improve the health of Haitians. Although, through REACH 2010 this is the first time they are working on such an intense issue and establishing curriculum.

HAPHI's mission is to act to promote health and foster well being within the Haitian community of Greater Boston through education and prevention, advocacy, outreach, and services. HAPHI programs promote culturally appropriate health education and support, advocacy for access to care, and the creation of opportunities for economic development in the field of health care. HAPHI's activities include chronic disease prevention, case management and family support and counseling for families with mentally challenged children, smoking prevention and cessation, HIV testing and counseling, Haitian men's health program, and two after school programs at the Lewenberg and Wilson middle schools. One of HAPHI's oldest and most successful programs is the Peer Educator Training for teens and adults. This program has been training youth and adults to become HIV Peer Educators for over the past nine years. Each year approximately 12 youths and 12 adults are trained through this program.

HAPHI's work in the community also involves collaborating with the local media. Many of the programs conducted by this agency have involvement with the media to help promote and recruit participation. The expertise they have in dealing with the media is helping them develop the curriculum for the REACH 2010 program.


- Through a competitive process, eight local agencies were awarded
- subcontracts for REACH 2010 prevention and education activities.
- They are: Caribbean U-Turn, Church of the Nazarene, Haitian
- American Public Health Initiatives, Inc., Haitian Multi Service
- Center, Association of Haitian Women in Boston (AFAB), Children's
- AIDS Program at Boston Medical Center (CAP), Cambridge Health
- Alliance and Brockton CHASE AIDS. Among the eight agencies that
- were granted funding, four are highlighted in this newsletter addition.
- Please see Spring 2001 edition for past highlights of the other four
- REACH 2010 funded agencies.

Brockton CHASE AIDS

1106 Main Street, Suite 109
Brockton, MA 02301
Phone: 508-427-6671

A collaboration of Massachusetts Community Health Services (MCHS) and Brockton Haitian Community (BROHACO) Coordinated by MCHS.

Brockton CHASE AIDS is a collaboration of the Brockton grass-roots Haitian organizations MCHS and BROHACO. The program is housed in the offices of the Mass. Community Health Services, Inc, which has been providing a wide range of programs over the past few years. These services include violence prevention initiatives, substance abuse prevention, men's and women's health awareness, youth health awareness, and it's newest project the REACH 2010 HIV/AIDS prevention and education. BROHACO has been in existence for several years and is committed to improving the health of Haitians and increasing Haitian community involvement in the Brockton area. Through the REACH 2010 grant, Brockton CHASE AIDS will have the opportunity to expand services and to work with other Haitian service organizations in the Metro Boston Area. The goal of this program is to educate people in the Brockton area Haitian community about HIV/AIDS and to make them aware of services available outside of Boston, while also creating a linkage to communities in Haiti and throughout the U.S.



Although Brockton CHASE AIDS is a new collaboration, the collaboration is planning to work with other agencies in the Brockton area to help educate the community about HIV/AIDS prevention and the many services available to members of the community. CHASE AIDS is hoping to raise awareness about HIV/AIDS by using the different forms of media in the Brockton area and by being visible at local community events. By attending these events, the collaborators are hoping to attract people to the initiatives they will be offering and to begin a dialogue around HIV/AIDS within the community.

**The Children's AIDS Program (CAP)
& Imani Village**
253 River Street
Mattapan, MA 02126
Phone: 617-534-2050

The Children's AIDS Program (CAP) is a nationally recognized, community-based program that offers medical, educational, nutritional, and mental health services to children (ages 2 weeks to 13 years) who are living with HIV/AIDS. CAP is a Division of the Section of Pediatric Infectious Diseases in the Pediatrics Department at Boston Medical Center (BMC). CAP is a beautiful, child-friendly facility that is located in the heart of Mattapan. Its mission is to optimize the development of HIV-infected and -affected children of all ages, and to help families to maintain stability and integrity.

The Children's AIDS Program is currently the only medically-specialized program in New England that offers comprehensive daycare and after school programming to children and youth who are infected with HIV/AIDS and those who are affected by the disease. The day care center serves 35 children on a full day, 5-day per week schedule. The after school program operates four days per week in the afternoon. Services at CAP are now available in Haitian Creole, Spanish, French, Patois, and American Sign Language. Daycare and after-school services are provided free of charge to families who are living with HIV/AIDS.

CAP's primary goals with the REACH 2010 project are to provide HIV prevention and education to Haitian women who report having unprotected sex, and to inform Haitian women about preventive strategies in order to reduce the number of new perinatal HIV infections among infants born to Haitian women. Although CAP has been providing direct care services to HIV-infected individuals for more than a decade, it has also offered HIV prevention and education to providers and individuals throughout the community.

CAP's collaboration with other community-based organizations through the REACH 2010 coalition will enable them to develop



an intensive, culturally-appropriate curriculum around HIV prevention and education, specifically aimed at Haitian women who are disproportionately affected by HIV/AIDS. Through their involvement with the
(continued on the right)

REACH 2010 coalition, they hope to raise awareness of HIV disease by targeting daycare and after school programs, and reaching a large portion of Haitian women who may not have easy access to clinics and hospitals.

Cambridge Health Alliance
125 Lowell Street
Somerville, MA
Phone: 617-591-6780

Cambridge Health Alliance is the lead agency in a collaborative effect with The Haitian Coalition, the Haitian Services of Cambridge Multi Services, the Haitian Health Outreach Program and the Cambridge Economic Opportunity Center. The mission of these five agencies is to organize Haitians to improve the economic, political, physical, and social environments in Somerville and Cambridge, Massachusetts and to provide services to Haitians living in the surrounding communities.




These agencies provide a wide range of services including immigration, health care, child care, learning centers, a food pantry, case management and many social activities during the year.

While working on the REACH 2010 project, the Cambridge Health Alliance has adopted a different approach to HIV prevention and education. They are first trying to increase the visibility of HIV within the community in hopes of decreasing the stigma associated with HIV. They are planning to use already existing programs as a basic starting point to introduce the topic of HIV and then continue the discussion of HIV within the boundaries of the community to promote trust and safety.

Cambridge Health Alliance and the other agencies involved are also working to educate providers and staff about HIV within the Haitian community. Through this education, they are hoping to decrease stigma and increase awareness of HIV. While educating the providers they are also building relationships and a network for increasing the visibility of HIV within the community.

July Quarterly Coalition Meeting Summary

On Tuesday, July 17, 2001, the Metro Boston Haitian REACH 2010 Coalition held its quarterly meeting at the Church of the Nazarene. Following the luncheon, meeting topics included: a progress report/update from each of the working group co-chairs, an overview of the Phase II evaluation plan from Anna Madison, and an update from David Cox, project consultant, on his meetings with individual agencies for technical assistance planning. The next Metro Boston Haitian REACH 2010 Coalition meeting will take place on Thursday, October 18, 2001 from 12:00 to 2:30pm at the Children's AIDS Program (CAP), 253 River Street, Mattapan. Lunch will be served at 12:00noon.




Brief Article on the Curriculum Designed by the Haitian Women's Working Group

(Continued from page 1)

To better manage this daunting task, assignments were divided equally among participating agencies—each of which was responsible for collecting background information relevant to HIV/AIDS and Haitian women, designing intervention strategies, and presenting findings and recommendations at weekly team meetings. As a result of this collaboratively process, the HWWG was able to compile a comprehensive curriculum tentatively titled, "Take Control - Protect Your Body: An HIV/AIDS Education and Prevention Curriculum for Haitian Women."

While the curriculum contains basic facts about HIV/AIDS, its most important contribution is its emphasis on cultural factors, gender-role expectations and pervasive societal attitudes that exist within the Haitian community and which may hamper prevention efforts aimed at decreasing the rate of HIV infections among Haitian women. Such barriers include deeply-rooted cultural myths about the cause of HIV/AIDS; the shame, stigma, and discrimination associated with HIV; the acceptance and practice of multiple-partner relationships; the absence of communications about sexuality and safer-sex practices; inequality and lack of empowerment in intimate relationships; the occurrence of domestic violence, rape, and sexually-coercive acts toward women; feelings of invulnerability; and denial about the effectiveness of condom use in preventing HIV/AIDS. The curriculum also provides specific prevention strategies for addressing these particular challenges. Prevention strategies are designed to be used in different forums, including media campaigns (print, television, radio), group workshops, health fairs, and discussion panels. The curriculum is based on an approach that is non-judgmental and respectful of the cultural, educational, political, religious, social, and economic backgrounds of all Haitian women.



“Mete Ti Moso ak Ti Moso pou Rdedui Pwopagasyon VIH nan Kominote Ayisyen an nan Boston”

Sonje Dat la!

Pwochen Reyinyon
Kowalisyon an ap fèt
18 Oktòb 2001
nan Children's AIDS
Program ki nan 253
River Street, Mattapan
de 12:00 p.m a 2:30.
Dejne a ap sèvi a midi
tapan.

YON ATIK SOU KOURIKOULOLOU GWROUP FANM AYISYEN YO DEVLOPE

Gemina Remy St. Louis, Ph.D.

*Co-Chair, Haitian Women's Working Group &
Psychologist, Children's AIDS Program, Boston Medical Center*

Nan gwoup fanm Ayisyen k ap travay pou REACH 2010, ou jwenn reprezantan tout 4 ajans kominotè sa yo: Asosiyasyon Fanm Ayisyen nan Boston (AFAB), Brockton CHASE AIDS, The Cambridge Health Alliance, and the Children's AIDS Program nan Sant Medikal Boston. Premye djòb medam sila yo se devlope yon kourikouloum baze sou lakilti pou yo anseye prevansyon epi fè edikasyon. Yon kourikouloum ki vize bezwen fanm Ayisyen ki gen gwo risk pou trape VIH/SIDA. Atik sa a esplike yon tikras nan pwosedi ki te ize pou yo devlope kourikouloum lan epi li tou rezime pati prensipal kourikouloum sila a.

Bati yon kourikouloum ki anbrase tout fasèt VIH nan kontèks kominote Ayisyen an gen dan, men se yon plezi pou gwoup fanm Aysiyen an ki te devwe anpil. Premyeman HWWG te konsantre efò li pou l idantifye estrateji ki bon pou konbat flewo maladi sa a k ap fè ravaj nan mitan popilasyon fanm Ayisyen.

(continued on page 4)

Mailing Label

Sant pou Sante Kominotè, Edikasyon ak Rechèch koòdone Kowalisyon REACH 2010 nan kominote Ayisyen an nan Boston e ke se Centers for Disease Control and Prevention ki finanse l. Bilten an se efò tèt ansanm Sant pou Sante Kominotè, Edikasyon ak Rechèch ak Boston AIDS Consortium (BAC).


Haitian American Public Health Initiatives, Inc.

10 Fairway Street,
Mattapan, MA 0212
Telefòn: 617-298-8076

Haitian American Public Health Initiatives (HAPHI) ap bay sèvis sou lasante nan kominote Ayisyen an pou plis pase 12 lane. Aktyèlman, yo gen 20 anplwaye k ap travay apentant epi k ap bay diferan kalite sèvis nan kominote a. Wòl santral òganizasyon sa a se travay ankolaborasyon ak lòt ajans nan kominote a pou amelyore sante tout Ayisyen. Kwak, avèk REACH 2010, se pou lapremye fwa ke y ap travay sou yon pwoblèm koryas konsa epitou pou yo etabli yon kourikouloum.

Misyon HAPHI se mete aksyon sou pye pou favorize lasante ak byennèt nan kominote Ayisyen an ki nan Boston. Kijan y ap fè sa? Ak bonjan ledikasyon, prevansyon, pledwaye, enfòmasyon ak sèvis. Pwogram HAPHI bay edikasyon sou lasante dapre lakilti epitou li bay sipò, li plede pou swen medical epitou li kreye opòtinite pou devlopman ekinomik nan domèn lasante. HAPHI fè prevansyon pou maladi kronik, ede lafanmi, bay sipò ak konsèy pou fanmi ki gen timoun afekte ak maladi mantal, fè prevansyon sou kesyon fimèn, li montre mwayen pou moun sispann fimèn, yo fè tès ak konsèy sou maladi VIH, yo gen pwogram pou gason Ayisyen epitou de pwogram apre lekòl nan Lewenberg ak Wilson. Youn nan pwogram HAPHI ki pi ansyen epi ki gen anpil siksè se pwogram Peer Educator pou adolesan ak adil. Pwogram sa a gen plis ke 9 lane. Chak ane pwogram lan prepare apeprè 12 jèn ak 12 adil.

Travay HAPHI ap fè nan kominote a oblije l kolabore ak medya. Anpil nan pwogram ajans sa a fè, sèvi ak




medya ki ankouraje epitou rekrute patisipasyon moun. Konesans manch long yo genyen nan travay ak medya ede yo devlope kourikouloum pou pwogram REACH 2010.

- Dapre yon pwosedi ki baze sou konpetisyon gen 8 ajans lokal
- ki jwenn sou kontra pou fè prevansyon ak edikasyon pou
- REACH 2010. N ap site yo: Caribbean U-Turn, Church of the
- Nazarene, Haitian American Public Health Initiatives, Inc.,
- Haitian Multi Service Center, Association of Haitian Women in
- Boston (AFAB), Children's AIDS Program nan Boston Medical
- Center (CAP), Cambridge Health Alliance ak Brockton CHASE
- AIDS. Pami 8 ajans ki te jwenn finansman nou pral pale de 4
- ladan yo nan jounal sa a. N ap jwenn enfòmasyon sou lòt 4 yo
- nan edisyon Prentan 2001 an.

Brockton CHASE AIDS

1106 Main Street, Suite 109
Brockton, MA 02301
Telefòn :508-427-6671

Brockton CHASE AIDS se yon kolaborasyon de Brockton grass-roots òganizasyon Ayisyen MCHS ak BROHACO. Pwogram lan tabli nan biwo Massachusetts Community Health Services Inc. k ap founi diferan kalite pwogram depi kèk lane desa. Men kèk nan sèvis yo: inisyativ pou prevansyon vyolans ak prevansyon sou dwòg, enfòmasyon sou fanm ak gason, enfòmasyon sou lasante pou lajenès ak nouvo pwojè REACH 2010 prevansyon ak edikasyon sou VIH ak SIDA. BROHACO egziste depi dèzane e li devwe pou li fè amelyorasyon nan lasante Ayisyen epi ogmante patisipasyon kominote Ayisyen an nan Brockton. Ak don yo bay pou REACH 2010, Brockton CHASE AIDS ap gen opòtinite pou l agrandi sèvis li bay epitou travay ak lòt òganizasyon Ayisyen ki tabli nan Boston. Bi pwogram sa a se edike moun ki nan kominote Ayisyen Brockton osijède VIH/SIDA epitou fè yo konnen sèvis ki aladispozisyon yo apade Boston epitou kreye yon makonnay ak kominote ki Ayiti yo epitou nan tout peyi Etazini.



Kwak Brockton CHASE AIDS se yon kolaborasyon tounèf, l ap planifye pou l travay ak lòt ajans ki nan Brockton pou ede edike kominote Ayisyen osijède prevansyon sou VIH/SIDA epi mete yo okouran de lòt sèvis ki disponib pou manm kominote a. CHASE AIDS nourri lespwa pou l louvri je moun sou VIH/SIDA, ize medya nan Brockton epitou l ap yon pakapala nan tout aktivite kominotè k ap fèt lokalman. Asiste aktivite sa yo ap bon pou kolaboratè yo. Yo nourri lespwa pou yo ofri moun inisyativ yo genyen pou kominote a epitou dyalòge ak kominote a sou koze VIH/SIDA.

**The Children's AIDS Program (CAP)
& Imani Village**
253 River Street
Mattapan, MA 02126
Phone: 617-534-2050

Children's AIDS Program se yon pwogram kominotè ki baze nan tout peyi Etazini. Se yon pwogram ki ofri sèvis medikal, sèvis sou ledikasyon, sou nitrisyon ak lasante mantal pou timoun (laj 2 senmenn pou rive laj 13 lane) ki genyen VIH/SIDA. CAP se yon divizyon de seksyon pedyat pou maladi kontajye nan Depatman Pedyatri ki nan Sant Medikal Boston (BMC). CAP se yon lokal chik epitou ki gen yon kad amikal pou timoun. Li chita dirèk dirèk nan kè Mattapan. Misyon li se favorize devlopman timoun tout laj ki gen maladi VIH epitou ki afekte pa maladi a. Epitou yo ede fanmi timoun sa yo kenbe establite ak entegrite yo. Children's AIDS Program aktyèlman se sèl pwogram medikal espesyalize nan Nouvèl Angletè a ki ofri tou gadri ak pwogram pre lekòl pou timoun ak lajenès k ap soufri ak VIH/SIDA epi ki afekte pa maladi a. Gadri pran 35 timoun pa jou chak senmenn daprè orè a. Pwogram apre lekòl fonksyone 4 fwa pa senmenn nan lapremidi. Kounye a CAP bay sèvis li an Kreyòl, Panyòl. Fransè, Patwa epitou lang siy ameriken. Gadri ak tout pwogram apre lekòl gratis pou fanmi k ap viv ak VIH/SIDA.

Bi prensipal CAP ak pwojè REACH 2010 se pale de prevansyon ak fanm Ayisyen k ap fè sèks san kapòt, epitou se enfòmasyon fanm Ayisyen de estrateji sou prevansyon pou redui kantite VIH prenatal nan timoun fanm Ayisyen ap mete sou late. Kwak CAP gen plis ke dizan l ap bay moun ki enfekte ak VIH sèvis dirèk, li ofri travayè yo ak lòt endividi nan kominote a edikasyon ak mwayen sou prevansyon pou VIH. Kolaborasyon CAP ak lòt òganizasyon kominotè gras ak kowalisyon REACH 2010 ap ekipe yo pou yo devlope yon kourikouloum apwopriye ki baze sou kilti pou prevansyon, ak edikasyon ki vize espesifikman fanm Ayisyen ki san parèy nan atrape VIH/SIDA. Ak patisipasyon nan kowalisyon REACH 2010, yo nourri lespwa pou yo simaye enfòmasyon sou maladi VIH nan pwogram gadri a ak pwogram apre lekòl epitou rankontre pifò fanm Ayisyen ki pa gen aksè a klinik ak lopital.



Cambridge Health Alliance
125 Lowell Street
Somerville, MA
Phone: 617-591-6780

Cambridge Health Alliance se ajans ki premye nan koze kolaborasyon ak Haitian Coalition, Haitian Services of Cambridge Multi Services, Haitian Services of Cambridge Multi Services, Haitian Health Outreach Program ak Cambridge Economic Opportunity Center. Misyon 5 ajans sa yo se òganize Ayisyen pou amelyore anviwonman ekinomik, politik fizik ak sosyal yo nan Somerville ak Cambridge nan Massachusetts epitou founi sèvis pou Ayisyen k ap vin nan kominote ozalantou yo. Ajans sa yo bay yon dividal sèvis, tankou regle pwoblèm imigrasyon, lasante anjeneral, gadri pou timoun, sant dansèyman, distribisyon manje gratis, regle toutjande pwoblèm sosyal epi òganize aktivite sosyal pandan lane a.




Antan l ap travay sou pwojè REACH 2010, Cambridge health Alliance adopte li menm yon lòt apwòch nan kesyon prevansyon ak edikasyon sou VIH. Vizib nan kominote a, anmenm tan kraze kwayans ki di VIH se gwo wont. Yo prepare yo pou yo ize pwogram ki egziste deja kòm kwadire baz pou pale sou sijè VIH lan epitou koninye diskisyon sou VIH nan limit kominote an pou etabli lakonfyans ak prekosyon.

Cambridge Health Alliance ak tout lòt ajans k ap feraye nan tèt ansanm yo ap travay pou yo edike travayè yo ak estaf osijède VIH nan kominote Ayisyen an. Ak zam ledikasyon, yo nourri lespwa pou yo kraze lawont kay moun sou maladi VIH epitou bay plis enfòmasyon. Pandan y ap anseye travayè yo, y ap tou pwofite bati relasyon ak yon rezo ki pou louvri je kominote a sou VIH.

Rezime Reyinyon Trimestriyèl Kowalisyon nan Mwa Jiyè


Nan madi 17 jiyè 2001 REACH ki se kowalisyon pou Ayisyen k ap viv nan Boston te reyini pou yon reyinyon trimestriyèl nan legliz Nazareyen. Apre yo te manje, yo te pale sou anpil sijè: yon manm nan chak gwoup yo te bay yon rapò, Anna Madison te pale sou faz II plan evaliyasyon an, ak David Cox ki se konsiltan pwojè a te bay rapò pa li nan reyinyon ke l te genyen ak chak ajans k ap bay asistans teknik. Pwochen reyinyon REACH (Metro Boston Haitian Coalition 2010) ap fèt nan madi 18 oktòb 2001 a 12:00 p.m. pou 2:30 nan local Children's AIDS Pwogram (CAP) ki nan 253 River St, Mattapan. Deje ap sèvi a midi tapan.



Yon Atik Sou Kourikoulou Gwoup fanm Ayisyen Yo Devlope

(continued from page 1)

Pou yo te fè djòb travo fòse sa a pi byen, yo te blije pataje travay la egal-ego ant ajans responsab yo. Yo chak te responsab pou yo ranmase enfòmasyon debaz sou VIH/SIDA ak fanm Ayisyen, epitou mete estrateji sou pye pou fè entèvansyon, anfen pou yo prezante rezilta ak rekòmandasyon yo fè nan reyinyon ebdomadè ekip la òganize. Kolaborasyon an te ololoy! Medam yo te rive mete sou pye yon kourikouloum djanm ke yo batize pwovizwaman: "Take Control – Protect Your Body" "Pran Kontwòl – Pwoteje Kò W". Yon kourikouloum sou prevansyon ak edikasyon pou fanm Ayisyen.



Nou bat bravo pou tout enfòmasyon debaz sou VIH/SIDA ki genyen nan kourikouloum lan, men enpòtans kourikouloum lan vin total kapital pou plas li bay faktè kiltirèl, previzyon sou wòl fanm ak gason, vye ansyen atitid lasosyete ki egziste nan kominote Ayisyen an e ki ka anpeche efò k ap fèt pou prevansyon ki ka diminye to enfeksyon VIH pami fanm Ayisyen. Kòm baryè n ap site: vye ansyen lejanmm sou sak ka lakòz VIH/SIDA; lawont, tach ak prejije ki makonnen ak VIH; aksepte relasyon ki gen anpil patnè, fèmen bouch sou koze sèks ak mwayen evite pi bon pase mande padon nan aktivite seksyèl, inegalite ak mank responsablite nan relasyon entim; gen domestik vyolans vyòl, fòse fanm fè sèks, santiman ke w pa ka malad, dout ke kapòt ka pwoteje moun kont VIH/SIDA. Kourikouloum lan bay estrateji espesifik pou tout pwoblèm nou sot site anwo yo. Estrateji pou prevansyon fèt yon jan ke yo ka ize yo nan nenpòt kèl fowòm sètadi kanpay medya ap fè (journal, televizyon, radyo) atelye aktivite sou lasante, epi diskisyon angwoup. Kourikouloum lan gen yon apwòch ki pa baze sou okenn prejije epi ki respekte kèlkeswa kilti, edikasyon, oryantasyon politik, estati sosyal e ekonomik pyès fanm Ayisyen.